प्रश्न पुस्तिका क्रमांक / Question Booklet Serial No. :

# SECONDARY SCHOOL EXAMINATION – 2026
## माध्यमिक स्कूल परीक्षा– 2026

| प्रश्न पुस्तिका सेट कोड<br>Question Booklet Set Code |
|---|
| |

(ANNUAL / वार्षिक )

MODEL QUESTION PAPER

विषय कोडः **109**
Subject Code:

BHOJPURI (SIL)

भोजपुरी (SIL)

कुल प्रश्नः 100+6 = 106
Total Questions: 100 + 6 = 106

कुल मुद्रित पृष्ठः 22
Total Printed Pages: 22

(समय : 3 घंटे 15 मिनट)
[Time : 3 Hours 15 Minutes]

(पूर्णांक : 100)
[Full Marks : 100]

---

**परीक्षार्थियन खातिर निर्देश :**

1. परीक्षार्थी OMR उत्तर पत्रक पर आपन प्रश्न पुस्तिका क्रमांक (10 अंकन के) जरूर लिखीं।
2. परीक्षार्थी यथासंभव आपन शब्दन में ही उत्तर दिहीं।
3. दाहिना तरफ हाशिया पर पूर्णांक दिहल गइल ह।
4. प्रश्नन के ध्यानपूर्वक पढ़े खातिर परीक्षार्थियन के 15 मिनट के अधिका समय दिहल गइल ह।
5. एह प्रश्न पुस्तिका दू खण्ड में ह – खण्ड–अ अउर खण्ड–ब।
6. खण्ड–अ में 100 वस्तुनिष्ठ प्रश्न ह, जे में से कवनो 50 प्रश्नन के उत्तर दिहल अनिवार्य ह। 50 प्रश्नन से अधिका के उत्तर दिहला पर पहिला 50 के ही मूल्यांकन होई। प्रत्येक खातिर 1 अंक निर्धारित ह। उत्तर चुने खातिर दिहल गइल OMR उत्तर–पत्रक पर सही विकल्प के नीले/काले बॉल पेन से गाढ़ा करीं। कवनो प्रकार के ह्वाइटनर/तरल पदार्थ/ब्लेड/नाखून आदि के OMR उत्तर–पुस्तिका में प्रयोग मना बा। अन्यथा परीक्षा परिणाम अमान्य होई।
7. खण्ड–ब में 6 विषयनिष्ठ प्रश्न ह।
8. कवनो प्रकार के इलेक्ट्रॉनिक उपकरण के प्रयोग पूर्णतया वर्जित ह।

## खण्ड–अ

## (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)

प्रश्न संख्या 1 से 100 तक के प्रत्येक वस्तुनिष्ठ प्रश्न के प्रत्येक प्रश्न के साथ चार विकल्प दिहल गइल ह, जे में से कवनो एगो सही ह। एह 100 प्रश्नन में कवनो 50 प्रश्नन के आपन चुनल सही विकल्प के OMR उत्तर–पत्रक पर चिह्नित करीं। $50 \times 1 = 50$

1. संत शिवनारायण कवना संत से दीक्षा लेल रहलन ?

(A) कबीरदास (B) संत दुखहरण

(C) संत पलटूदास (D) दादू दयाल

2. संत शिवनारायण के अनुसार जोगी खातिर कवना इन्द्रिय के साधल सबसे जरूरी बा ?

(A) रसना (जीभ) (B) कान

(C) मन (D) नयन

3. संत शिवनारायण के जनम कवना संवत् में भइल रहे ?

(A) 1732 संवत् (B) 1713 संवत्

(C) 1773 संवत् (D) 1781 संवत्

4. पठित पाठ के आधार पर बताईं कि छेदी जगन कहवाँ के प्रधानमंत्री बनल रहीं ?

(A) मारीशस (B) गुवाना

(C) फिजी (D) सूरीनाम

5. 'सगरे जहान भोजपुरिया' शीर्षक पाठ कवना विधा के रचना ह ?

(A) एकांकी (B) निबंध

(C) कहानी (D) कविता

6. ब्रजेन्द्र भगत 'मधुकर' मारीशस के के हवे ?

(A) राष्ट्रपिता (B) राष्ट्रपति

(C) राष्ट्रकवि (D) प्रधानमंत्री

7. 'साधो भाई' शीर्षक पद कवना संत कवि के ह ?

(A) धरनीदास (B) पलटूदास

(C) संत शिवनारायण (D) कबीरदास

8. संत पलटूदास के गुरु के नाँव का रहे ?

(A) बाबा शिवचरण दास (B) बाबा जानकी दास

(C) संत दुखहरण दास (D) रैदास

9. संत पलटू साहब कइसन ब्रह्म के उपासक रहीं ?

(A) सगुन (B) निरगुन

(C) राम (D) शिव

10. 'बाएन' शीर्षक पाठ के लेखक के हवे ?

(A) रमेशचन्द्र झा (B) गोरख पाण्डेय

(C) जगलाल चौधरी (D) विशुद्धानंद

11. 'बाएन' शीर्षक रचना कवना विषय पर आधारित बा ?

(A) एड्स पर (B) कैंसर पर

(C) प्रेम पर (D) धर्म पर

12. 'बाएन' शीर्षक पाठ में सुगिया के पति का रहे ?

(A) खलासी (B) डरेबर

(C) मिस्त्री (D) मास्टर

13. कुलदीप नारायण झड़प जी के जनम कवना जिला में भइल रहे ?

(A) गाजीपुर (B) बलिया

(C) सीवान (D) गया

14. 'फतेहशाही' शीर्षक पाठ कवना विधा के रचना ह ?

(A) कहानी (B) निबंध

(C) कविता (D) यात्रा–संस्मरण

15. फतेहशाही का कवना बात के चिंता सतावत रहे कि रात के नीने ना लागे ?

(A) अंग्रेजी सेना गढ़ घेर लेले रहे (B) राजमहल के सुख छिना गइल रहे

(C) जमाल के मारे के चिंता (D) जमींदारी चल जाए के चिंता

16. डॉ० भीमराव अंबेडकर कवना विश्वविद्यालय से पी–एच०डी० के उपाधि प्राप्त कइलीं ?

(A) कोलंबिया विश्वविद्यालय (B) लंदन विश्वविद्यालय

(C) स्टैनफोर्ड विश्वविद्यालय (D) ऑक्सफोर्ड विश्वविद्यालय

17. डॉ० अंबेडकर के प्रारंभिक शिक्षा कहवाँ भइल ?

(A) सतारा में

(B) पुणे में

(C) मुम्बई में

(D) कानपुर में

18. डॉ० अंबेडकर हिंदू धर्म के भेदभाव से उबिया के कवना धर्म स्वीकार कर लिहलीं ?

(A) इस्लाम

(B) जैन

(C) बौद्ध

(D) सिख

19. तकषी शिवशंकर पिल्लै कवना राज्य के रहनियार रहीं ?

(A) केरल

(B) महाराष्ट्र

(C) तमिलनाडु

(D) तेलंगाना

20. 'मत्तन के कहानी' शीर्षक पाठ कवना भाषा से अनूदित ह ?

(A) तेलगू

(B) ओडिया

(C) तमिल

(D) मलयालम

21. 'चाक्को' कवना शीर्षक कहानी के पात्र ह ?

(A) कबड्डी

(B) मत्तन के कहानी

(C) बाएन

(D) काकी के गहना

22. 'ऊहो बरखा आई' कविता में चुअत पलानी में औरत काहे घबड़ाइल बिया ?

(A) अकसरूआ बिआ

(B) पति परदेसी बा

(C) लइका बेमार बा

(D) एह तीनों कारण से

23. 'ऊहो बरखा आई' शीर्षक कविता के कवि के नाम बताईं –

(A) तकषी शिवशंकर पिल्लै (B) रमेशचन्द्र झा

(C) सत्यनारायण लाल (D) पाण्डेय कपिल

24. सत्यनारायण लाल के जनम भइल रहे –

(A) 09 दिसम्बर 1919 ई० (B) 08 जुलाई 1920 ई०

(C) 09 जुलाई 1915 ई० (D) 08 दिसम्बर 1920 ई०

25. जगलाल चौधरी के जनम कहवाँ भइल रहे ?

(A) सारण (B) पटना

(C) पूर्णियाँ (D) भागलपुर

26. जगलाल चौधरी के पिता के का नाँव रहे ?

(A) भूषण चौधरी (B) हरिराम चौधरी

(C) मूसन चौधरी (D) बीरोराम

27. जगलाल चौधरी कवना ईस्वी में कांग्रेस के टिकट पर चुनाव लड़लीं ?

(A) 1927 ई० (B) 1932 ई०

(C) 1937 ई० (D) 1940 ई०

28. अमृता प्रीतम के आत्मकथा के का नाँव ह ?

(A) गालिब छूटी शराब (B) मेरी जीवन यात्रा

(C) दोहरा अभिशाप (D) रसीदी टिकट

29. अमृता प्रीतम के कवना किताब पर सिनेमा बनल बा ?

(A) पिंजर (B) एक थी अनीता

(C) कोरा कागज (D) बन्द दरवाजा

30. 'वारिसशाह से' शीर्षक पाठ के रचनाकार के का नाँव ह ?

(A) गोरख पाण्डेय (B) सत्यनारायण लाल

(C) अमृता प्रीतम (D) विशुद्धानंद

31. रमाकांत द्विवेदी 'रमता' के लिखल कविता ह ?

(A) रूप के हिरन (B) भोर हो गइल

(C) बेयालिस के साथी (D) वारिसशाह से

32. 'बेयालिस के साथी' शीर्षक कविता के मूल भाव का बा ?

(A) प्रकृति वर्णन (B) सामाजिकता

(C) धार्मिकता (D) राष्ट्रीयता

33. रमाकांत द्विवेदी 'रमता' के जनम कवना ईस्वी में भइल रहे ?

(A) 1915 ई० (B) 1917 ई०

(C) 1920 ई० (D) 1925 ई०

34. भोजपुरी के पहिलकी फिल्म के बनवले रहे ?

(A) विश्वनाथ प्रसाद शाहाबादी (B) चित्रगुप्त

(C) रामायण तिवारी (D) शैलेन्द्र

35. भोजपुरी फिल्म 'गंगा मइया तोहे पियरी चढ़इबो' कब रिलीज भइल रहे ?

(A) 1952 ई० में

(B) 1963 ई० में

(C) 1962 ई० में

(D) 1970 ई० में

36. भोजपुरी के पहिला सिनेमा 'गंगा मइया तोहे पियरी चढ़इबो' में संगीतकार के रहे ?

(A) मदन मोहन

(B) चित्रगुप्त

(C) नौशाद

(D) रविशंकर

37. 'नेह के पाती' शीर्षक पाठ के रचनाकार के ह ?

(A) महेन्द्र शास्त्री

(B) उदय नारायण तिवारी

(C) विजेन्द्र अनिल

(D) गोरख पाण्डेय

38. गोरख पाण्डेय कहाँ के रहनियार रहीं ?

(A) सीवान

(B) देवरिया

(C) बलिया

(D) गाजीपुर

39. पहिले पहल कवना जगहा पर कबड्डी के एशियाई खेल में शामिल कइल गइल ?

(A) चेन्नई

(B) बंबई

(C) पटियाला

(D) दिल्ली

40. किशोर खेलाड़ियन खातिर कबड्डी के मैदान के लंबाई–चौड़ाई का होला ?

(A) 13 × 10 मीटर
(B) 11 × 08 मीटर
(C) 8 × 6 मीटर
(D) 15 × 11 मीटर

41. कबड्डी के प्रत्येक दल में केतना खेलाड़ी होला ?

(A) 7
(B) 8
(C) 12
(D) 6

42. पठित पाठ के आधार पर बताईं जिन्दगी कवना चीज पर तप रहल बा ?

(A) आग पर
(B) बारूद पर
(C) धूप में
(D) चूल्हा पर

43. रमेशचन्द्र झा के जनम कवना जिला में भइल रहे ?

(A) शिवहर
(B) मुंगेर
(C) पूर्वी चंपारन
(D) गया

44. 'सुरमा सगुन बिचारे बा' केकर लिखल उपन्यास ह ?

(A) गोरख पाण्डेय
(B) रमेशचन्द्र झा
(C) सत्यनारायण लाल
(D) विशुद्धानंद

45. डोमकच लोकनाट्य केकरा द्वारा खेलल जाला ?

(A) लड़िका द्वारा
(B) मेहरारू द्वारा
(C) बाराती द्वारा
(D) मरदाना द्वारा

46. उपन्यास 'देहाती दुनिया' के रचनाकार के हवे ?

(A) डॉ० प्रभुनाथ सिंह
(B) उदय नारायण तिवारी
(C) सुधा वर्मा
(D) शिवपूजन सहाय

47. 'अपराधी' शीर्षक कहानी के लेखक के बा ?

(A) डॉ० शिव प्रसाद सिंह
(B) रमेश चन्द्र झा
(C) तकषी शिवशंकर पिल्लै
(D) डॉ० प्रभुनाथ सिंह

48. डॉ० प्रभुनाथ सिंह के जनम कवना जिला में भइल रहे ?

(A) सारण
(B) पूर्वी चंपारण
(C) बलिया
(D) गाजीपुर

49. 'पुरान घड़ी' शीर्षक कहानी के लेखक ह –

(A) रमेशचन्द्र झा
(B) डॉ० वीरेन्द्र नारायण पाण्डेय
(C) प्रभुनाथ सिंह
(D) उषा वर्मा

50. अनिल ओझा 'नीरद' के लिखल कहानी ह –

(A) अपराधी
(B) गुरु – दक्षिणा
(C) हरताल
(D) माई

51. 'माई' शीर्षक कहानी के लेखक के ह ?

(A) पाण्डेय नर्मदेश्वर सहाय
(B) डॉ० प्रभुनाथ सिंह
(C) उषा वर्मा
(D) रमेशचन्द्र झा

52. 'शहीद के अरमान' शीर्षक पाठ के रचनाकार के नाँव का ह ?

(A) रूप श्री
(B) अवध बिहारी
(C) उदय नारायण तिवारी
(D) विशुद्धानंद

53. शहीद फुलेना बाबू के मेहरारू के का नाँव रहे ?

(A) सितारा देवी
(B) सुनीता देवी
(C) प्रभा देवी
(D) तारा देवी

54. 'देवाल' शीर्षक पाठ कवना विधा के रचना ह ?

(A) नाटक
(B) यात्रा संस्मरण
(C) निबंध
(D) कहानी

55. जवना वर्ण के उच्चारण स्वर वर्ण के सहायता से होय, कहल जाला –

(A) स्वर वर्ण
(B) व्यंजन वर्ण
(C) दीर्घ स्वर वर्ण
(D) ह्रस्व स्वर वर्ण

56. ह्रस्व स्वर वर्ण के उदाहरण ह –

(A) आ
(B) ई
(C) औ
(D) इ

57. संयुक्त स्वर वर्ण के उदाहरण ह –

(A) ओ
(B) उ
(C) अ
(D) आ

58. भोजपुरी में उच्चारित होखेवाला व्यंजन वर्ण के संख्या केतना होला ?

(A) 27 (B) 30

(C) 32 (D) 35

59. 'ध' वर्ण के उच्चारण स्थान ह –

(A) ओठ (B) दाँत

(C) कंठ (D) तालु

60. 'टवर्ग' के उच्चारण स्थान ह –

(A) मूर्द्धा (B) कंठ

(C) तालु (D) दाँत

61. 'चतुर्दश' कवना शब्द ह ?

(A) तत्सम (B) तद्भव

(C) देशज (D) विदेशज

62. तद्भव शब्द के उदाहरण ह –

(A) मयूर (B) बाल्टी

(C) तंबाकू (D) फूल

63. 'देशज' शब्द के उदाहरण ह –

(A) पुष्प (B) चार

(C) थेथर (D) कॉलेज

64. 'टिकट' कवना शब्द के उदाहरण ह ?

(A) तत्सम (B) विदेशज

(C) तद्भव (D) देशज

65. रूढ़ शब्द के उदाहरण ह –

(A) चक्रपाणि (B) छल–छंद

(C) पीला (D) घुड़सवार

66. 'आग–बबूला' कवना शब्द के उदाहरण ह ?

(A) रूढ़ (B) योगरूढ़

(C) यौगिक (D) निरर्थक

67. 'समेटाइल' शब्द के विपरीतार्थक शब्द ह –

(A) अँजोर (B) छितराइल

(C) बिलाइल (D) ललाइल

68. 'वैरागी' शब्द के विपरीतार्थक शब्द ह –

(A) संन्यासी (B) साधु

(C) पागल (D) गिरहस्त

69. 'दिअरी' के पर्यायवाची शब्द ह –

(A) देवाल (B) देवता

(C) दीआ (D) दूर

70. 'छान्ही' के पर्यायवाची शब्द ह –

(A) नदी
(B) तलाब
(C) खंभा
(D) छप्पर

71. विपरीतार्थ बोधक सहचर शब्द ह –

(A) दाना–पानी
(B) बाल–बच्चा
(C) कपड़ा–लाता
(D) घास–पात

72. समानार्थ बोधक सहचर शब्द ह –

(A) नेह–नाता
(B) मरद–मेहरारू
(C) लरम–गरम
(D) आकाश–पताल

73. 'अनजान' शब्द में उपसर्ग ह –

(A) अ
(B) अन
(C) जान
(D) न

74. जवना नाम से कवनो वस्तु के बोध होला ओकरा का कहल जाला ?

(A) ध्वनि
(B) वर्ण
(C) संज्ञा
(D) सर्वनाम

75. जवना संज्ञा से व्यक्ति चाहे पदार्थ के समूह के बोध होखेला, कहल जाला –

(A) जातिवाचक
(B) भाववाचक
(C) समूहवाचक
(D) द्रव्यवाचक

76. द्रव्यवाचक संज्ञा के उदाहरण ह –

(A) बरिआत (B) अमीरी

(C) घीव (D) कामचोरी

77. जातिवाचक संज्ञा के उदाहरण ह –

(A) मेला (B) सोना

(C) आटा (D) गाय

78. भोजपुरी में सज्ञा के कएगो भेद होला ?

(A) तीनगो (B) चारगो

(C) पाँचगो (D) सातगो

79. 'तहन लोग' कवन सर्वनाम ह ?

(A) उत्तम पुरुष (B) मध्यम पुरुष

(C) अन्य पुरुष (D) अन्यतम पुरुष

80. 'कुछऊ' कवन सर्वनाम के उदाहरण ह ?

(A) प्रश्नवाचक (B) निजवाचक

(C) संबंधवाचक (D) अनिश्चयवाचक

81. रचना के अनुसार वाक्य के प्रकार होला –

(A) सात (B) पाँच

(C) दू (D) तीन

82. 'घमा में मत दउड़' – कवन तरह के वाक्य ह ?

(A) प्रश्नार्थक वाक्य

(B) संदेहार्थक वाक्य

(C) आज्ञार्थक वाक्य

(D) निषेधार्थक वाक्य

83. 'इस्कूल सायद विहान से खुली' – कवना तरह के वाक्य ह ?

(A) प्रश्नार्थक

(B) आज्ञार्थक

(C) इच्छार्थक

(D) संदेहार्थक

84. संज्ञा आ क्रिया के विशेषता बतावे के आधार पर विशेषण के कएगो भेद बतावल गइल ह?

(A) दूगो

(B) तीनगो

(C) पाँचगो

(D) छवगो

85. संज्ञा विशेषण के भेद होला –

(A) तीन

(B) चार

(C) पाँच

(D) सात

86. 'तोहार दुल्हा' मे 'तोहार' कवना विशेषण ह ?

(A) संख्यावाचक

(B) संबंधवाचक

(C) गुणवाचक

(D) सार्वनामिक

87. 'पघिलल' शब्द कवना गुणवाचक विशेषण ह ?

(A) रंगसूचक

(B) दशासूचक

(C) कालसूचक

(D) आकारसूचक

88. अर्थ के आधार पर क्रिया के भेद होला –

(A) तीन (B) चार

(C) पाँच (D) आठ

89. भूतकाल के कएगो भेद होला ?

(A) दू (B) तीन

(C) पाँच (D) छव

90. 'रधिया जात रहली' – इ वाक्य में कवना भूतकाल ह ?

(A) पूर्ण भूत (B) आसन्न भूत

(C) अपूर्ण भूत (D) संदिग्ध भूत

91. 'सुरेश खेत पटवले होइहन' – इ वाक्य में कवना वर्तमान काल ह ?

(A) सामान्य वर्तमान (B) पूर्ण वर्तमान

(C) संभाव्य वर्तमान (D) अपूर्ण वर्तमान

92. पुल्लिंग शब्द के उदाहरण ह –

(A) ममेरी (B) समिआना

(C) कोबी (D) ललाइन

93. स्त्रीलिंग शब्द के उदाहरण ह –

(A) जमघट (B) देहात

(C) उड़िस (D) गँड़ासी

94. प्रश्नवाचक चिह्न ह –

(A) " "  (B) !

(C) ?  (D) ;

95. 'धनहीन' – कवना समास के उदाहरण ह ?

(A) तत्पुरूष समास  (B) द्वंद्व समास

(C) कर्मधारय समास  (D) द्विगु समास

96. 'दयाधरम' – कवना समास ह ?

(A) नञ् समास  (B) द्विगु समास

(C) द्वंद्व समास  (D) बहुब्रीहि समास

97. अर्थालंकार के उदाहरण ह –

(A) श्लेष  (B) वक्रोक्ति

(C) उपमा  (D) अनुप्रास

98. 'करिया घोड़ा खात रहे' – में विशेषण ह –

(A) घोड़ा  (B) करिया

(C) खात  (D) रहे

99. 'अंगूठा देखावल' – मुहावरा के अर्थ का होई ?

(A) घमंडी बनल  (B) मूर्ख

(C) चिढ़ावल  (D) स्वावलम्बी भइल

100. 'करम फूटल' – मुहावरा के अर्थ ह –

(A) चौकन्ना भइल (B) भाग्य बिगड़ल

(C) ध्यान दिहल (D) गायब भइल

**खण्ड – ब**

**विषयनिष्ठ प्रश्न**

1. कवनो एगो पर निबंध लिखीं :– 1 × 10 = 10

(क) शीत ऋतु

(ख) गणतंत्र दिवस

(ग) दुर्गा पूजा

(घ) खेल के महत्व

2. कवनो एगो पर पत्र लेखन करीं :– 1 × 5 = 5

(क) मुहल्ला में बिजली आपूर्ति में उत्पन्न व्यवधान दूर करे खातिर बिजली विभाग के अधिकारी के अर्जी लिखीं।

(ख) परीक्षा पास कइला के खुशी में दीदी के बधाई पत्र लिखीं।

3. नीचे दिहल गद्यांश के पढ़ी आ कवनो एगो गद्यांश के पूछल प्रश्नन के उत्तर दिहीं:–5 × 2 = 10

(क) बाबूसाहेब अपना बइठका में खटिया पर परल रहले। एगो पुलिस के आवत देखि के उनुकर कान खाड़ा हो गइल। पुलिस का अइला पर मालूम भलहिन कि मेवा डोम के

पतोहि के बेइजति कइला के इलजाम में थाना से उनुका छोटका बेटा हरी के नाँवे नोटिस आइल बा। सुनते मातर बाबूसाहेब के होस उड़ि गइल। पुलिस के जथा–जोग सतकार कइके बिदा कइले। बेटा के थाना पर हाजिर करे खातिर जमानत दे दिहले।

(i) बाबूसाहेब कहवाँ परल रहले ?

(ii) बाबूसाहेब के का देख के कान खाड़ा हो गइल ?

(iii) बाबूसाहेब के छोटका बेटा के का नाँव रहे ?

(iv) कवना इलजाम में थाना से नोटिस आइल रहे ?

(v) पुलिस के का कइके बिदा कइल गइल ?

(ख) देवाली के दोसरका दिन राति क महेसर का दुआर पर "राखी" सिनेमा देखावल जात रहे जन समपरक विभाग का ओर से। रमरतियो अपना सखीन का साथे देखलसि। ओमें रहे–एगो राजा एगो राजा का बेटी पर लट्टू होके ओकरा के ज त ले ओके बले सादी करे खातिर दल–बल का साथ चढ़ि आइल रहे। लइकिया एगो दोसर राजकुमार के चाहत रहे। लइकिया चुपे से ओकरा तमु में गइलि आ सुतले में ओकरा के राखी बान्हि देलसि। रोली के टीका करत खाँ ऊ जागि गइल। लइकिया कहलसि – 'भइया, राखी के बकसीस द !'

(i) सिनेमा कब देखावल गइल रहे ?

(ii) केकरा दुआर पर सिनेमा देखावल गइल रहे ?

(iii) सिनेमा के का नाँव रहे ?

(iv) रमरतिया केकरा साथे सिनेमा देखलसि ?

(v) के कहलसि – 'भइया राखी के बकसीस द!' ?

4. कवनो एगो पद्य के सप्रसंग व्याख्या करीं : 1 × 5 = 5

(i) "हुस्सेपुर गढ़ छोड़िके, निर्जन वन में वास
छापा मारस युक्ति से, देसु फिरंगीन त्रास"

(ii) "हमरा चाहीं ऊ बरखा जे सब में जान जगा दे
टीला ढाहि भरे जे गहड़ा, जे सब भेद भगा दे"

## लघु उत्तरीय प्रश्न

5. कवनो पाँचगो प्रश्नन के उत्तर लिखीं : 5 × 2 = 10

i. भोजपुरी क्षेत्र के मजदूरन के अंग्रेज लोग मारीशस काहे खातिर ले गइल ?

ii. पलटू साहब अपना पद में साधो के काहे संबोधित कइले बाड़े ?

iii. पठित पाठ के आधार पर बताईं कि कवन–कवन चीज से एड्स के विषाणु फइलेला ?

iv. फतेहशाही के 'प्रथम क्रांतिकारी वीर' काहे कहल गइल बा ?

v. शोषित–वंचित लोग खातिर अम्बेडकर जी के का सलाह रहे ?

vi. 'मत्तन के कहानी' पढ़ला के बाद मन में कवन भाव पैदा होत बा ?

vii. जगलाल चौधरी कवना बात पर मंत्री पद से त्यागपत्र दिहलीं ?

viii. वारिसशाह के अनमोल वचन का रहे ? आपन शब्दन में लिखीं।

ix. भोजपुरी फिल्मन के बाजार बहुत बड़ बा, काहे ?

x. कबड्डी जाय में खेलाड़ी के मुँह से निकलल तीन गो बोल लिखीं।

## दीर्घ उत्तरीय प्रश्न

6. कवनो दूगो प्रश्नन के उत्तर लिखीं : $2 \times 5 = 10$

   (i) निरगुन पंथ के विकास में संत शिवनारायण के योगदान के वर्णन करीं।

   (ii) जगलाल चौधरी जी के सादगी आ सिद्धांतवादिता के उदाहरण प्रस्तुत करीं।

   (iii) 'वारिसशाह से' कविता के भाव संक्षेप में लिखीं।

   (iv) विशेषण के परिभाषा के साथ ओकरा भेदन के परिचय दीं।